


# Kontrasepsyon an ijans

Kontrasepsyon an ijans ka anpeche gwosès apre sèks, sèlman si w itilize l pi vit posib, nan lesplas 2 jou. Li posib pou w sèvi ak grenn kontrasepsyon an ijans si w :

- te fè sèks san pwoteksyon (sèks san w pat itilize yon metòd planin)
- si yo te fòse w fè sèks, oswa
- ou panse metòd planin ou an pat mache (pa egzanzp : kapòt la chire, ou bliye pran grenn planin la alè, elatriye).




**Grenn kontrasepsyon an ijans (pou fanm) :** Grenn kontrasepsyon an ijans se pi gwo dòz grenn planin pou anpeche yon gwosès. Gen kèk moun ki rele grenn kontrasepsyon an ijans lan « grenn pou landemen maten » oubyen Plan B®. Grenn kontrasepsyon an ijans ap fè efè jiska 5 jou (120 èdtan) apre w fè sèks san pwoteksyon men yo pi efikas lè w pran li nan premye douzèdtan (12) aprè ou fè sèks san pwoteksyon. Kèk doktè ka ba ou grenn kontrasepsyon touswit si w panse w ap bezwen yo pi devan. Pa tann! Pran grenn kontrasepsyon an ijans yo pi vit posib apre w fin fè sèks san pwoteksyon.

Ou ka jwenn grenn kontrasepsyon an ijans ak yon preskripsyon doktè a oswa klinik la ba ou, oubyen gen kèk famasyon nan kèk famasi ki ka ba ou li san w pa bezwen wè yon doktè anvan.

- Gason tankou fanm ki gen omwen 17 an ka achte grenn kontrasepsyon an ijans nan famasi menm si yo pa gen preskripsyon.
- Fanm ki poko gen 17 an ka ale sou paj entènèt [www.not-2-late.com](http://www.not-2-late.com) pou yo jwenn yon famasyon byen fòme nan vann grenn kontrasepsyon an ijans nan famasi a.

**Pou plis enfòmasyon sou kote w ka jwenn grenn kontrasepsyon an ijans la, rele doktè w la oswa klinik planin familyal ou a, mande famasyon w la, ale sou paj entènèt [www.not-2-late.com](http://www.not-2-late.com) oswa rele 1-877-MA-SEX-ED (1-877-627-3933).**

**Plasman filaman an ijans (pou fanm) :** Nan espas 7 jou apre ou fè sèks san pwoteksyon, ou kapab fè yo mete yon filaman anndan w pou anpeche w ansent. Fòk se yon doktè osinon yon enfimiyè ki mete l. Yon filaman se yon bagay tou piti ki fèt an plastik ke yon doktè oswa yon enfimiyè mete anndan matris yon fanm. Gen 2 kalite filaman. Youn gen kwiv epi lòt la gen yon òmòn pou anpeche gwosès. Yon filaman ka rete an plas pou senkan jiska dizan selon modèl filaman an.



Sèvi ak kapòt pou anpeche trape VIH ak lòt maladi moun trape nan sèks

Kapòt latèks ak kapòt plastik se sèl metòd pou anpeche gwosès ki an menm tan efikas anpil pou anpeche moun pran VIH ak maladi ki transmèt nan fè sèks. Si w itilize lòt metòd planin men ou vle pwoteje tèt ou kont VIH (viris sida a) ak lòt maladi ki transmèt nan fè sèks, sèvi ak yon kapòt ansanm ak lòt metòd planin w ap itilize yo.

## Pou plis enfòmasyon

Se pou w pale ak doktè w , enfimiyè w, fanmsaj ou, oubyen konseye sou planin ou an ( tout moun k ap ba w swen yo) pou konnen bonte yon metòd planin, pou w konnen ki move efè li ka bay, epi pou konnen ki jan pou byen sèvi ak metòd planin nan. Oubyen pran kontak ak :

Sèvis (Liy Telefòn) Planin Familyal/Sante Sèksyèl (Family Planning/Sexual Health Hotline) :

1-877-MA-SEX-ED  
(1-877-627-3933)  
[www.mariatalks.com](http://www.mariatalks.com)

Pou w jwenn sèvis ak pwogram konsèy tou pre lakay ou, telefòn :

Telefòn pou enfòmasyon osijè jèm ki bay SIDA / maladi SIDA/ Maladi moun pran nan fè sèks (HIV/AIDS/STD Hotline)  
1-800-235-2331 (anglè, panyòl)  
TTY : 617-437-1672

Telefòn pou rele oka vyolans domestik (lakay ou) (Domestic Violence Hotline):

1-877-785-2020  
TTY : 1-877-521-2601

Telefòn pou rele oka vyòl (Rape Crisis Hotline) :

1-800-841-8371 (anglè)  
1-800-223-5001 (panyòl)  
TTY : 1-888-887-7130

